# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–13 अक्टूबर 2025** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ क इंदिरा गांधी प्रतिष्ठान में युवक अउर महिला मंगल दलन के खेल सामग्री बटलें। येह मौका पर प्रदेस के कई गो जिला से आइल नवजवानन के संबोधित करत कहलें कि सरकार क उद्देस्य नवजवानन के उरजा के सकारात्मक दिसा दिहल हौ, जवने से ऊ एगो ससक्त प्रदेश अउर देस के बनवले में आपन जोगदान दे सकें। उहां के कहलीं कि प्रदेस में एक लाख पांच हजार से बेसी युवक अउर महिला मंगल दलन के स्पोर्ट्स किट उपलब्ध करावल जाई। कार्यक्रम में खेल अउर युवा कल्याण मंत्री गिरीश चन्द्र यादव कहलें कि मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ के मार्ग दरसन में राज्य में खेल अउर युवा कल्याण के क्षेत्र में ढेर बढ़िया कार भइल हौ।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ क अध्यक्षता में आजु भइल इन्वेस्ट यूपी शासीय निकाय क बइठकी में प्रदेस क औद्योगिक निवेस ढांचा के मजबूत कइले के उद्देस्य से कई गो खास निर्णय लिहल गइल। बइठकी में मुख्यमंत्री इन्वेस्ट यूपी क पुनर्गठन क प्रस्ताव के मंजूरी दिहलें। एहमें अलगि–अलगि सेक्टर में बिसेसज्ञ सेल गठित कइल जाई। सथहीं मुंबई, बैंगलुरू, हैदराबाद, चेन्नई अउर नई दिल्ली में सैटेलाइट इन्वेस्टमेंट प्रमोशन आफिस बनावल जाई। मुख्यमंत्री कहलें कि नया ढांचा इन्वेट यूपी के एकल निवेस सुविधा एजेंसी के रूप में मजबूत बनाई। बइठकी में बतावल गइल कि बरिस दुइ हजार चउबीस–पचीस में राज्य में करीब चारि हजार नया फेक्टरी लगावल गइल हौ। बइठकी में औद्योगिक विकास मंत्री नंद गोपाल गुप्ता नंदी, नगर विकास मंत्री अरविंद शर्मा, एमएसएमई मंत्री राकेश सचान, औद्योगिक विकास राज्य मंत्री जसवंत सिंह सैनियो मौजूद रहलें।

**********

केंद्रीय रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव घोसणा कइले हवें कि रेलवे सुरक्षा बल–आरपीएफ में भरती करमचारी चयन आयोग के ओरि से हर सालि कइल जाई। रेलवे सुरक्षा बल क एकतालीसवां स्थापना दिवस के मौका पर श्री वैष्णव कहलें कि आरपीएफ करमियन के जल्दिये वीएचएफ सेट उपलब्ध करवले के सथहीं ड्रोन से जुड़ल ट्रेनिंग दीहल जाई।

**जितने आप को चाहिए उतने वीएचएफ लीजिए इसमें बहुत आपको बेनिफिट मिलेगा। जो एनसीआरबी के साथ मिलकर आप काम कर रहे हैं कि इसके इंप्लीमेंटेशन के लिए जो डेटाबेस एप्लीकेशन्स हैं। उसके लिए 14 करोड़ रुपये की जरूरत है। वो भी आपके लिए सैंक्शन किया जाता है और सभी ट्रेनिंग सेंटर्स में एडवांस डिजिटल और ड्रोन की ट्रेनिंग। इसके लिए भी 21 करोड़ रूपीज की लागत से सभी जगह लैबोरेट्रीज की स्थापना की जाएगी।**

**********

पीएम गतिशक्ति राष्ट्रीय मास्टर प्लान क आजु चारि बरिस पूरा हो गइल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कई गो आरथिक क्षेत्र के मल्टी–मॉडल सम्पर्क उपलब्ध करावे बदे तेरह अक्टूबर दुइ हजार एक्कइस के येह मास्टर प्लान क सुभारम्भ कइले रहलें। केन्द्रीय वाणिज्य अउर उद्योग मंत्री पीयूष गोयल पीएम गतिशक्ति के देस क बुनियादी ढांचा से जुड़ल योजनन क कायाकलप करे वाला बतवले हवें।

**********

केंद्रीय शिक्षा मंत्री धर्मेन्द्र प्रधान आजु कहलें कि भारत उत्पादन संचालित अर्थव्यवस्था के राहि से विकसित देस बनि सके ला। विकसित भारत बिल्डाथॉन–दुइ हजार पचीस क उद्घाटन करत श्री प्रधान कहलें कि एक्कइसवां सदी ज्ञान आधारित सदी हौ अउर भारत येह ज्ञान आधारित विस्व अउर अर्थव्यवस्था क अगुआई करे जा रहल हौ। श्री प्रधान भरोसा जतवलें कि आवे वाला बरिस में विद्यार्थी वैस्विक स्तर पर एकर निरमाण करिहें।

**********

राज्यपाल आनंदीबेन पटेल आजु अजोध्या के डॉ. राममनोहर लोहिया अवध विश्वविद्यालय क तीसवां दीक्षांत समारोह में मेधावी विद्यार्थियन के स्वर्ण पदक दिहलिनि। अपने सम्बोधन में राज्यपाल कहलिनि कि असली चमक मेडल क नाहीं, जिनगी क होला। समारोह में उच्च शिक्षा मंत्री योगेन्द्र उपाध्याय अउर राज्य मंत्री रजनी तिवारियो मौजूद रहलिनि।

**********

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी वस्तु अउर सेवा कर यानी जीएसटी बचत उत्सव क घोसणा पछिला महिन्ना के बाइस तारीख के कइले रहलें। एकर लाभ पूरा देस भर में मिलि रहल बा। जीएसटी सुधार क सकारात्मक परभावन पर एगो रिपोर्ट–

***जीएसटी सुधारन में हाथे से बनल उत्पादन पर कर क दर बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल गइल बा। येह कर कटउती से कारीगरन के प्रतिस्पर्धात्मक आ उनकर आय दुन्नो में बढ़ोत्तरी भइल हौ। परम्परिक चमड़ा क चप्पल, लकड़ी क सिल्प, धातु क बरतन, माटी क बरतन आ बांस के समानों अब पांच फीसदी जीएसटी दर क हिस्सा हौ। आकाशवाणी दिल्ली से रोहन अउर सौम्या शरण के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

कुशीनगर जिला में पुलिस अधीक्षक केशव कुमार आजु रिजर्व पुलिस लाइन में गोरखपुर जोन क "अन्तर्जनपदीय पुलिस वॉलीबॉल क्लस्टर प्रतियोगिता–दुइ हजार पचीस" क सुभारम्भ कइलें। तीनि दिन के येह प्रतियोगिता में गोरखपुर, देउरिया, महराजगंज, कुशीनगर, संतकबीरनगर, गोण्डा, सिद्धार्थनगर अउर बलरामपुर क टीमि हिस्सा ले रहलि हइनि।

**********